



Redetèminasyon nan Medicaid ak Oryantasyon nan Pwogram Florida KidCare la

se yon Gid Zouti Kominikasyon
pou Patnè li yo

Fl♥**rida KidCare**
HEALTH AND DENTAL INSURANCE

Byenvini

Patnè,

Pou prepare fen egzijans kouvèti pwolonje Medicaid la epi pou reprann redetèminasyon Medicaid la, Florida KidCare asosye l ak Depatman pou Timoun ak Fanmi pou fè maketin ak bay mesaj edikasyon ak fanmi ki pa rapli kondisyon yo mande pou yo kalifye pou Medicaid aprè redetèminasyon an.

Antanke patnè Florida KidCare fè konfyans epi chanpyon pou sante timoun yo, ou kapab kontribiye nan simayen mesaj la nan kominote ou yo - epi nou kapab ede w! Nou prepare resous sa yo pou w kapab reyisi fè pwomosyon mesaj enpòtan sa a.

Mèsi paske w se yon chanpyon pou sante timoun yo!

Sensèman,

Ashley Carr

Direktè Jeneral Maketin
Florida Healthy Kids Corporation
Yon Patnè Florida KidCare

Mesaj Kle

Jeneral

- Benefisyè Medicaid yo dwe mete kowòdone yo te bay DCF yo ajou pa mwayen Asistan Vityèl DCF la oswa konekte sou kont an liy MyACCESS la.
- Nou ankouraje benefisyè Medicaid yo anpil pou yo ajoute nimwo telefòn selilè (Youn yo ka resevwa tèks mesaj) sou kont MyACCESS yo a, pou yo kapab raple yo dat redetèminasyon an fasil.
- Benefisyè Medicaid yo dwe ouvri imedyatman tout anvlòp ki gen tras jon yo resevwa nan imèl la paske yo gen enfòmasyon enpòtan sou asirans swen sante.


Florida KidCare

- Yo ankouraje Tout moun ki gen kesyon sou transfè nan kouvèti Florida KidCare aprè yo fin pèdi Medicaid la pou yo ale sou kont [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org) pou yo kapab jwenn enfòmasyon sou pwosesis oryantasyon an, FAQ pou ede yo ak preyokipasyon yo, ak mwayen pou kontakte Florida KidCare.
- Gen lòt opsyon asirans sante ak dantè ki pa twò chè pou timoun Florid! Genyen anpil fanmi ki peye \$15 oswa \$20 dola pa mwa pou kouvri tout timoun ki elijib nan fwaye a.
- Yo pral oryante otomatikman nan Florida KidCare (pa mwayen IFlorida Healthy Kids Corporation (FHKC)) tout timoun ki gen pi piti 19 lane yo jije ki pa elijib pou kontinye benefisyè Medicaid, kote y ap kapab enskri nan yon kouvèti fasilman.
- Paran yo pa bezwen ranpli yon lòt fòmilè lè yo transfere yon timoun ki te nan Medicaid nan Florida KidCare.
- Florida KidCare pral itilize enfòmasyon DCF pataje yo pou jwenn pwogram Florida KidCare ki pi byen adapte pou chak timoun yo refere.
 - Florida KidCare pral gen bezwen mizajou sou enfòmasyon salè paran yo SÈLMAN SI paran yo pa t aksepte demann pou redetèminasyon Medicaid la.
- Florida KidCare pral kontakte paran yo dirèkteman sou pwochen etap pou yo suiv pou yo enskri. Florida KidCare pral voye lèt sou fòm papyè, imèl, tèks mesaj epi y ap rele tou.
- Florida KidCare pran angajman pou sèvi kliyan yo! Sant apèl Florida KidCare la ap rekrute pèsònèl pou reponn ak ogmantasyon demann lan pandan l ap kenbe to satisfaksyon kliyan yo wo.

Sit Entènèt ki Fè Edikasyon

Nou lanse **CountOnKidCare** pou nou ede fanmi Florid sou opsyon asirans sante ak dantè ki pa twò chè ki disponib pou timoun ki pa elijib nan Medicaid yo. Paj entèaktif sa a pral eksplike pwosesis oryantasyon pou w al nan Florida KidCare ak poukisa nou panse li pi bon pou timoun sa yo. Li pral disponib tou an panyòl ak kreyòl, epi l ap gen sa yo ladan l:

- Yon alèt pou envite fanmi pou chèche anvlòp Florida KidCare ki gen tras jon lan
- Kesyon Yo Plis Poze sou pwosesis redetèminasyon Medicaid la
- Konparezon montan mwayèn prim pa mwa ak yon kalkilatris pou konte montan an
- Avantaj Florida KidCare yo
- ... ak plis!



Konprann Pwosesis Oryantasyon an

Pandan 12 pwochen mwa yo, benefisyè aktyèl Medicaid yo dwe pase nan yon nouvo redetèminasyon pou elijiblite yo. Y ap mande benefisyè Medicaid yo pou yo bay enfòmasyon ki ajou sou konbyen moun ki nan fwaye a ak revni yo pou yo ka asire yo toujou reponn ak egzijans Medicaid yo. Anpil benefisyè Medicaid yo pral reyisi renouvle kouvèti Medicaid yo. Gen kèk nan benefisyè yo ki p ap reponn ankò ak agzijans Medicaid yo epi y ap retire yo nan pwogram lan.

Gen lòt opsyon asirans ki pa chè pou timoun ki gen pi piti pase 19 lane ki pa kalifye ankò pou Medicaid. Yo pral oryante otomatikman nan Florida KidCare (pa mwayen Florida Healthy Kids Corporation (FHKC)) tout timoun ki gen pi piti 19 lane yo jije ki pa elijib pou kontinye benefisyè Medicaid, kote y ap kapab enskri nan yon kouvèti fasilman.

Florida KidCare pral resevwa de kategori referans nan men DCF:

1. Ki Verifye

Paran ki te reponn ak demann redetèminasyon DCF la epi ki te bay enfòmasyon ki ajou. Y ap pataje tout enfòmasyon ki verifye yo ak Florida KidCare. Yo pa bezwen enfòmasyon anplis pou pwosesis referans verifye a. Yo pral mete timoun yo nan pwogram Florida KidCare ki pi bon pou yo epi paran yo pral resevwa pa imèl yon lèt konfimasyon.

Gen sèlman yon sèl etap ki rete - tout paran yo dwe peye! Timoun nan oswa timoun yo ap enskri, yon fwa yo fè premye pèman y ap gen pou peye chak mwa a.

2. Ki pa Verifye


Paran pa t reponn ak demann redetèminasyon DCF la. Yo pa t bay enfòmasyon ki ajou. Paske yo pa t bay yo, Florida KidCare pral bezwen enfòmasyon ki ajou sou revni yo pou egzamine referans ki pa verifye yo. Yo pral itilize tout enfòmasyon DCF pataje yo pou senplifye sa yo mande paran yo.

Si/lè paran yo bay enfòmasyon ki nesèsè sou revni yo, y ap mete timoun yo nan pwogram Florida KidCare ki pi bon pou yo epi paran yo pral resevwa pa imèl yon lèt konfimasyon. Timoun nan oswa timoun yo ap enskri, yon fwa yo fè premye pèman y ap gen pou peye chak mwa a.


ENPÒTAN: Florida KidCare ap revoye kont lan bay Medicaid si paran yo reponn ak demann Florida KidCare pou fè mizajou sou revni an epi revni yo deklare a elijib pou Medicaid.

Konprann Pwosesis Oryantasyon an

Kòman Li Fonksyone



Dewoulman Pwosesis la



**Fanmi ki pa an règ ak pwosesis redetèminasyon an pral gen enfòmasyon ki pa verifye.*

Konprann Pwosesis Oryantasyon an

Yon fwa timoun yo enskri, y ap asosye yo ak yon plan sante ak swen dantè, epi yon peryòd chwa (90-day window) 90 jou ap kòmanse. Paran yo ka chanje plan asirans maladi ak/oswa asirans swen dantè pandan peryòd 90 jou sa. Yo ankouraje paran yo pou egzamine lis founisè chak plan sante ak swen dantè. Anpil paran pral dekouvri yo p ap ka kenbe menm doktè regilye timoun yo a te genyen lè l te nan Medicaid.



Plan Sante Yo

[Lis Founisè Aetna Better Health](#)
[Lis Founisè Plan Community Care](#)
[Lis Founisè Plan Simply Healthcare yo](#)



Plan Swen Dantè Yo

[Lis Founisè Plan DentaQuest](#)
[Lis Founisè Liberty Dental Plan](#)
[Lis Founisè MCNA Dental](#)

Kontwòl Kalite: FHKC ak DCH pral egzamine chak mwa pou asire yo tout referans ki apwopriye yo te fèt, Menm si sistèm referans yo fè konfyans lan te la depi plizyè lane. Patnè ki panse ka gen erè referans dwe suiv epi rapòte enfòmasyon sa yo. Yo pa ka sèvi ak enfòmasyon ki pa syantifik.

N ap pataje kopi fòmilè enfòmasyon yo bay yo ak yon egzanj jounal pou fè suivi.

Bagay ki nan Imèl Dirèk yo

Nan lèt notifikasyon refi Medicaid nan Depatman pou Timoun ak Fanmi ap gen ladan l mesaj Florida KidCare konsènan pwochen etap yo.


Anplis, mesaj imèl la ap gen ladan l yon bagay Florida KidCare ki gen koulè epi ki atiran pou avèti fanmi yo veye yon lèt anvlòp ki gen tras jon ki gen plis enfòmasyon sou fason pou yo reysi enskripsyon nan Florida KidCare la - dapre estati verifikasyon referans yo.

Families Can Count on Florida KidCare

If your family no longer qualifies for Medicaid, the Florida Department of Children and Families will automatically share your information with Florida KidCare – a **low-cost option to keep your kids covered** with high-quality health and dental insurance. **Many families pay just \$15 or \$20 a month.**

Keep an eye out for a yellow-striped envelope (we added the stripe so you can spot it easily) from Florida KidCare for next steps on how to sign up.

Florida KidCare
HEALTH AND DENTAL INSURANCE



Scan to learn more or visit [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)

Las familias pueden contar con Florida KidCare

Si su familia ya no cumple con los requisitos para recibir Medicaid, el Departamento de Niños y Familias de Florida compartirá la información de manera automática con Florida KidCare – una opción económica para mantener a sus hijos cubiertos con un seguro médico y odontológico de alta calidad. **Muchas familias pagan solo \$15 o \$20 por mes.**

Espere recibir un sobre con rayas amarillas (agregamos la raya para que lo pueda identificar fácilmente) de parte de Florida KidCare para conocer los próximos pasos y saber cómo inscribirse.



Escanee para obtener más información o visite [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)

Fanmi yo ka konte sou Florida KidCare

Si fanmi w pa kalifye ankò pou Medicaid, Depatman Timoun ak Fanmi Laflorid (Florida Department of Children and Families) ap pataje enfòmasyon w yo otomatikman bay Florida KidCare – yon opsyon ki pa koute chè pou kenbe timoun ou yo kouvri ak bon kalite asirans sante ak dantè. **Anpil fanmi peye sèlman \$15 oswa \$20 pa mwa.**

Veye yon anvlòp Florida KidCare ki gen tras jòn (nou te ajoute tras la pou ou ka wè li byen fasil) pou w ka pwochen etap sou fason pou w enskri a.

Eskane pou w ka konn plis oswa vizite [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)



Kontni medya Sosyal

Florida KidCare ankouraje òganizasyon patnè li yo pou pataje mesaj sa yo sou platfòm medya sosyal yo pou yo ka dirije fanmi Florid yo nan paj ki la pou fè edikasyon an.

Twitter (280 mo)

- Si fanmi ou an pa kalifye pou #Medicaid ankò, @MyFLFamilies pral pataje enfòmasyon w yo ak @FLKidCare otomatikman. Pou plis enfòmasyon ak pwochen etap yo veye anvlòp nan men Florida KidCare ki gen tras jon lan! Pou w konn plis bagay ale sou [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)
- Ou pa elijib ankò pou #Medicaid? Fanmi Florid yo konte sou #CountOnKidCare pou jwenn swen sante pou yon ti kras lajan epi swen dantè ki la pou timoun sèlman – ak gwo avantaj epi pou yon ti kras lajan pa mwa. Pou w konn plis bagay ale sou [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)
- Ou pa elijib ankò pou #Medicaid? Pa enkyete w! @FLKidCare ofri w anpil opsyon plan sante pou yon ti kras lajan – epi genyen anpil fanmi ki peye \$15 oswa \$20 dola pa mwa pou kouvri tout timoun ki elijib nan fwaye a. Pou w konn plis bagay ale sou [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)

Facebook

- Si fanmi ou an pa kalifye pou Medicaid ankò, [Depatman pou Timoun ak Fanmi nan Florida](#) pral pataje enfòmasyon w yo ak [Florida KidCare](#). Tout sa w gen pou fè se veye anvlòp Florida KidCare ki gen tras jon nan pou plis enfòmasyon epi pwochen etap! Pou w konn plis bagay ale sou [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)
- Ou pa elijib ankò pou #Medicaid? Fanmi Florid yo konte sou #CountOnKidCare pou jwenn swen sante pou yon ti kras lajan epi swen dantè ki la pou timoun sèlman – ak gwo avantaj epi pou yon ti kras lajan pa mwa – anpil fanmi peye sèlman \$15 oswa \$20 pa mwa. Pou w konn plis bagay ale sou [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)
- Ou pa elijib ankò pou #Medicaid? Pa enkyete w! [Florida KidCare](#) ofri w anpil opsyon plan sante ki baze sou laj timoun lan, gwosè ak revni fwaye a. Anpil Fanmi peye \$15 oswa \$20 dola pa mwa pou kouvri tout timoun ki elijib nan fwaye a. Konnen plis sou [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)

Instagram

- Si fanmi ou an pa kalifye pou #Medicaid ankò, @MyFLFamilies pral pataje enfòmasyon w yo ak @FLKidCare otomatikman. Pou plis enfòmasyon ak pwochen etap yo veye anvlòp nan men Florida KidCare ki gen tras jon lan! Pou w konn plis bagay ale sou [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)
- Ou pa elijib ankò pou #Medicaid? Fanmi Florid yo konte sou #CountOnKidCare pou jwenn swen sante pou yon ti kras lajan epi swen dantè ki la pou timoun sèlman – ak gwo avantaj epi pou yon ti kras lajan pa mwa. Pou w konn plis bagay ale sou [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)
- Ou pa elijib ankò pou #Medicaid? Pa enkyete w! @FLKidCare ofri w anpil opsyon plan sante pou yon ti kras lajan – epi genyen anpil fanmi ki peye \$15 oswa \$20 dola pa mwa pou kouvri tout timoun ki elijib nan fwaye a. Pou w konn plis bagay ale sou [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)

Grafik pou Medya Sosyal Yo

(bouje epi ki pa bouje)




Fanmi yo Ka Konte sou Florida KidCare

Fl♥rida KidCare

Fl♥rida KidCare

Veye **anvlòp ki gen tras jòn nan** kourye Florida KidCare la



Ou pa elijib ankò pou Medicaid?

Depatman pou Timoun ak Fanmi nan Florida a ap pataje otomatikman enfòmasyon ou yo ak Florida KidCare.

Tout sa w gen pou w fè se veye anvlòp nou an ki gen tras jòn nan pou plis enfòmasyon ak pwochen etap yo!



[Telechaje](#) grafik pou medya sosyal yo.

One-Pager yo ka telechaje ak kòd QR

(Li gen ladann mesaj an Anglè, Espanyòl ak an Kreyòl)

N ap ankouraje Òganizasyon ki patnè yo pou yo telechaje ak pibliye dokiman enfòmasyon pou avèti fanmi yo pou yo siveye anvlòp ki gen tras jòn Florida KidCare la. Nou kreye tou yon kòd QR ki inik epi ki trasab yo ka mete nan tout dokiman enprime ki prale nan [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org).

¿Su familia está perdiendo la cobertura de Medicaid?

Si su familia ya no cumple con los requisitos para recibir Medicaid, el Departamento de Niños y Familias de Florida compartirá la información de manera automática con Florida KidCare – una opción económica para mantener a sus hijos cubiertos con un seguro médico y odontológico de alta calidad.


Muchas familias pagan solo \$15 o \$20 por mes.

FLorida **KidCare**
HEALTH AND DENTAL INSURANCE

Is your family losing Medicaid?

If your family no longer qualifies for Medicaid, the Florida Department of Children and Families will automatically share your information with Florida KidCare – a **low-cost option to keep your kids covered** with high-quality health and dental insurance. **Many families pay just \$15 or \$20 a month.**

Keep an eye out for a yellow-striped envelope from Florida KidCare for next steps on how to sign up.



Scan to learn more or visit
[CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)

**rayas amarillas de parte
conocer los próximos
no inscribirse.**

Para obtener más información
visite [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)

Si su familia está perdiendo Medicaid?

Si su familia ya no cumple con los requisitos para recibir Medicaid, el Departamento Timoun ak Fanmi (Children and Families) ap pataje enfòmasyon w pou avèti fanmi yo pou yo siveye anvlòp ki gen tras jòn Florida KidCare la. Nou kreye tou yon kòd QR ki inik epi ki trasab yo ka mete nan tout dokiman enprime ki prale nan [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org).

Keep an eye out for a yellow-striped envelope from Florida KidCare for next steps on how to sign up.

Para obtener más información
visite [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org)

Telechaje One-Pager ak/oswa kòd QR la.

Egzanp Imèl

Liy Objè

Fanmi yo Ka Konte sou Florida KidCare

Kò Tèks

Si fanmi w pa nan Medicaid ankò, Depatman pou timoun ak fanmi nan Florida ap pataje otomatikman enfòmasyon ou yo ak Florida KidCare.

Ou ka konte sou Florida KidCare pou yon asirans sante ak dantè bon kalite epi pou yon ti kras lajan, ki fèt espesyalman pou timoun – avèk avantaj depi nan vizit medikal yo pou rive nan operasyon chirijikal yo, ak plis toujou. Majorite fanmi peye sèlman \$15 oswa \$20 dola pa mwa pou kouvri tout timoun ki kalifye k ap viv nan kay la.

Chèche yon anvlòp Florida KidCare ki gen tras jon pou plis enfòmasyon ak lòt etap yo.

Jwenn kesyon yo plis poze sou Florida KidCare yo sou [CountOnKidCare.org](https://www.CountOnKidCare.org).

Mèsi,

[METE SIYATI]